



Fòm Pèmisyon pou Medikaman San Preskripsyon

Administrasyon medikaman San Preskripsyon (OTC) nan lekòl Massachusetts yo reglemante pa 105 CMR 210.000 ak Règleman dezisyon Konsiltatif 92-05 Kabinè Enskripsyon Enfimye a: *Administrasyon Medikaman San Preskripsyon*.

Enfimye yo ka bay medikaman san preskripsyon (OTC) si paran oswa gadyen bay pèmisyon pou soulaje doulè oswa malèz ki rive detanzantan. **Chak ane lekòl, ou dwe ranpli epi siyen** yon nouvo fòm si ou vle pou pitit ou resevwa medikaman OTC.

Anba la a gen yon lis medikaman OTC ki rete nan biwo enfimye a. **Tanpri tcheke atik ou otorize pou pitit ou resevwa. Tanpri pa voye medikaman avèk pitit ou a.** Règleman Leta entèdi elèv yo pote pifò medikaman ale vini nan lekòl.

_____Asetaminofen (Tylenol)

_____Benzokain (pou doulè dan / doulè nan bouch)

_____Ibipwofen (Advil/Motrin)
grate)

_____Difenidramin pou aplike sou po (pou pinèz, gratèl oswa po ki

_____Antasid pou moulèn (TUMS)

_____Cetirizin ("Zyrtec" — pou reyaksyon alèjik lejè)

_____Difenidramin oral ("Benadryl" — pou reyaksyon alèjik lejè)

Non Timoun nan: _____ Dat nesans: _____

Mwen bay enfimye lekòl la pèmisyon pou bay medikaman mwen te make pi wo a. Mwen konprann si pitit mwen an nan 5yèm ane oswa pi ba, enfimye lekòl la ka bezwen kontakte m pa telefòn oswa Talking Points anvan li bay medikaman an. Mwen konprann tou medikaman san preskripsyon (OTC) **pa** administre pandan jounen rekreyatif lekòl yo ni andeyò lè lekòl la ap fonksyone.

Siyanati Paran / Gadyen : _____ Dat: _____

Non Paran / Gadyen (ekri ak lèt detache): _____

Nimewo Telefòn Paran / Gadyen: _____